**दिन–मंगलवार** **दिनांक–01.10.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। श्री कुमारक जनतब देला पर बाढ़ि सँ तबाहिवला क्षेत्र मे हेलीकॉप्टर सभ सँ राहत सामग्री बांटल जा रहल अछि। एहि बिच मुख्यमंत्री अधिकारी सभ के तबाहिवला क्षेत्र मे राहत आओर बचाव काज के गति देबाक लेल जनौलनि अछि। श्री कुमार वैशाली मे एक राहत शिविर जा कऽ बाढ़ि प्रभावित लोकसभ सँ हालचाल लेलनि। संगहि, ओ बाढ़ि सँ भेल क्षतिक शीघ्रहि, आकलन करबाक लेल अधिकारी सभ के जनौलनि अछि। एम्हर, केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आइ सहरसाक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौरा कऽ लोकसभक बिच राहत सामग्री बांटलनि। ओतहि, पूर्णियांक सांसद पप्पू यादव दरभंगाक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक दौरा कऽ प्रभावित लोकसक बीच राहत सामग्री बांटलनि।

---

प्रदेश मे बाढ़िक कारण स्थिति गंभीर बनल अछि। आपदा प्रबंधन विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार सोलह जिलाक पचपन प्रखंडक दू सय उनहतरि पंचायतक दस लाख लोक सभ बाढ़िक चपेट मे छथि। राहत आओर बचाव काज लेल एन.डी.आर.एफ आओर एस.डी. आर.एफक पंद्रह–पंद्रह टीम के तैनात कयल गेल अछि। तबाहिवला क्षेत्र मे जिला प्रशासन दिस सँ एक सय सत्ताईस सामुदायिक भनसाघर चलाओल जा रहल अछि। संगहि, एकहतरि राहत शिविर चलाओल जा रहल अछि, जतय पचपन हजार लोकसभ रहि रहल छथि। तबाहीक बीच अखन धरि छबीस हजार सँ बेसी सुखल राशनक पैकेट बांटल गेल अछि। ओतहि, एकतीस हजार पौलीथिन सीट सेहो बांटल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे आठ वोट एम्बूलेंस चलाओल जा रहल अछि, जाहि सँ लोकसभक बीच स्वास्थ्य सुविधा देल जा रहल अछि। पशु सभ लेल चारा आओर दवाईक व्यवस्था सेहो कयल गेल अछि।

---

एम्हर, दरभंगा सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे किरतपुरक भगोल गाम मे कोसी नदिक तटबान्ह टुटलाक बाद कतेको गामक जिला मुख्यालय सँ सड़क संपर्क भंग भऽ गेल

अछि। जिलाक किरतपुर, कुशेश्वर स्थान पूर्वी आओर घनश्यामपुर प्रखंडक कतेको गाम बाढ़िक चपेट मे अछि। सड़क के टुटि–फुटि गेला सँ बाढ़ि सँ तबाहिवला गामक जिला मुख्यालय सँ सड़क संपर्क बाधित अछि। एम्हर, जिला मे कमला बलान नदिक बढ़ैत जलस्तरक कारण नदिक पूर्वी छहर पर खतरा बढ़ि गेल अछि। ओतहि, नदिक पश्चिमी छहर कातक चारि पंचायत मे सेहो बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। दोसर दिस, मधुबनी सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक मधेपुर प्रखंड बाढ़ि सँ बेसी तबाह अछि। जिलाधिकारी अरविन्द कुमार वर्मा जनौलनि जे तबाहिवला क्षेत्र मे पचीस नाव आओर दू मोटरवोट सँ लोकसभ के सुरक्षित ठेकान पर पठाओल जा रहल अछि। संगहि, जिलाक जयनगर सँ डोरवार गाम जायबाला सड़क कमला नदिक बाढ़ि सँ टूटि–फूटि गेल अछि।

---

राज्य सरकार प्रदेश मे चलि रहल भूमि–सर्वेक्षण लेल विशेषज्ञ सभक नियुक्ति करत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रीमंडलक भेल बैसार मे एहि प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। ई विशेषज्ञ सभ भूमि सर्वेक्षण मे भऽ रहल कठिनाईक समाधान लेल उपाय सुझाओत। ओतहि, कैबिनेट सीएनजी आओर पीएनजी पर वैटक दर मे कटौतिक प्रस्ताव के स्वीकृति देलक अछि। सीएनजी पर आठ प्रतिशत आओर पीएनजी पर सात प्रतिशत वैटक राशि घटाओल गेल अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी राष्ट्रीय जनता दल पर स्मार्ट प्री–पेड मीटरक नाम पर लोकसभ के गुमराह करबाक आरोप लगौलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे स्मार्ट प्री–पेड मीटर उपभोक्ता सभक हित मे अछि।

---

प्रदेशक सभ जिला मे आइ सँ यातायात सँ जुड़ल जनतब लेल **मैप माई इंडिया ऐप** शुरू भऽ गेल अछि। बिहार यातायात पुलिसक ए.डी.जी सुधांशु कुमार जनौलनि जे बिहार देशक चारिम राज्य अछि जतय ई सुविधा शुरू भेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि ऐप सँ ट्रैफिक सँ जुड़ल समस्याक जनतब निःशुल्क देल जायत। संगहि, ऐप पर फोटो द्वारा जाम सँ जुड़ल जनतब रहत। ऐप लेल जिला स्तर पर वाट्सऐप ग्रुप सेहो बनाओल गेल अछि।

---

भागलपुर जिलाक हबीबपुर थानाक शाहजंगी मैदान मे बम विस्फोटक घटना मे सात बच्चा घायल भऽ गेलाह अछि। एहि मे सँ तीन बच्चा के बढ़िया उपचार लेल जवाहर लाल नेहरू मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। सिटी एसपी राम दास जनौलनि जे मैदान मे बम राखल छल। बच्चा सभ के खेल–कूदक दरमियान एहि मे विस्फोट भेल। ओ जनौलनि जे मामिलाक जांच चलि रहल अछि।

————————————————————————————

राज्य सरकार औरंगाबादक ओहि कालक पुलिस अधीक्षक सुधीर कुमार पोरिका के अवैध बाउल खनन आओर परिवहन सँ जुड़ल मामिला मे दोष मुक्त कऽ देलक अछि। गृह विभाग एहि लेल संकल्प जारी कयलक अछि।

————————————————————————————

उत्तर आओर दक्षिण बिहार के जोड़यवला राजेन्द्र सेतुक सड़क मार्ग पर मरम्मतिक काजक कारण आइ राति दस बजे सँ काल्हि भोर छओ बजे धरि आवाजाही बंद रहत। एहि बिच एम्बुलेंस सहित आपातकालीन वाहनक आवाजाही चलैत रहत।

————————————————————————————

समाप्त